



KREYOL

Kolera



ZANMI LASANTE




Banque Mondial



GFDRR
Global Facility for Disaster Reduction and Recovery



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI
DINEPA
Direction Nationale
de l'Eau Potable
et de l'Assainissement



Kisa Kolera ye?

Kisa kolera ye ak kijan moun ka pran l?


- Kolera se yon jèm yo jwenn nan matyè fekal (poupou) yon moun ki te enfekte.
- Moun ka pran kolera nan dlo ki te kontamine avèk poupou moun ki enfekte ak kolera.

Yon moun ka trape kolera si li:

- Bwè dlo ki gen mikwòb kolera a.
- Manje manje tankou pwason, fwi, ak legim ki gen mikwòb kolera sou yo.
- Mete men l nan bouch li apre li fin manyen yon bagay ki gen mikwòb kolera sou li.
- Kolera pa transmèt nan bay lanmen oswa nan manyen yon moun ki enfekte.



Kisa Kolera ye?



Siy ak sentòm kolera

Ki siy ak sentòm kolera?

- Yon gwo dyare ki klè tankou dlo diri
- Vomisman
- Moun nan vin dezidrate anpil (pèdi dlo nan kò) epi li vin fèb

Dezidratasyon se lè yon moun pèdi dlo ak sèl ki nan kò l.

Yon moun ki dezidrate ka:


- Gen je l k ap fè dlo
- Gen bouch li ki sèch
- Santi l swaf dlo
- Gen kranp nan pye
- Santi l pè epi fache fasil
- Pa pipi souvan
- Gen po l ki sèch, men li ka tounen nòmal tou dousman
- Gen je l ki pa fè dlo (timoun)

Si yon moun dezidrate anpil, li ka pa kapab bwè oswa li ka endispoze.


Siy ak sentòm Kolera



Vomisman



**Yon gwo dyare ki klè
tankou dlo diri**



Moun ki pi an danje

Ki moun ki gen plis chans pou vin malad anpil oswa mouri ak kolera epi poukisa?

- Tout moun ka trape kolera.
- Men, moun ki plis gen chans pou vin malad oswa mouri ak kolera se :
 - Granmoun yo
 - Moun ki gen VIH
 - Timoun ki mal nourri yo
 - Fanm ansent (ak ti bebe l ap pote a)
- Moun nan gwoup sa yo kapab malad pi fasil pase lòt moun, konsa yo ki gen plis ris pou vin malad oswa mouri ak kolera.


Fanm ansent ak fanm k ap bay tete:

- Kolera a danje anpil pou fanm ansent ak ti bebe l ap pote a. Yon ti bebe ki nan vant ka mouri si manman an dezidrate anpil oswa manman an ka akouche anvan lè.
- Fanm ansent yo ta dwe sitou pran prekosyon epi swiv bon prensip liyèn yo pou yo pa trape kolera.

- Yon fanm ansent ki gen nenpòt siy ak sentòm kolera dwe resevwa Sewòm Oral epi ale nan sant sante a san pèdi tan.
- Si yon manman k ap bay tete gen kolera, li ta dwe sispann bay tete jiskaske li geri. Bay ti bebe a lèt nan bwat ki fèt avèk dlo trete.
- Si yon manman ap kontinye bay tete pandan li gen kolera, li ka vin dezidrate pi vit epi ti bebe a gen plis chans pou trape kolera.



Moun ki pi an danje



Kijan pou evite trape Kolera

Ki sa yon moun ka fè pou evite trape kolera ak pou anpeche kolera a gaye nan kominote a?


- Lave men w ak savon ak dlo.
- Pa bwè dlo ki soti nan rivyè.
- Trete dlo anvan ou bwè l (bouyi, itilize klowòks, Akwatab, elatriye).
- Lave oswa kale fwi ak legim yo.
- Kwit manje yo byen.
- Itilize twalèt.
- Jete fatra yo byen.
- Mennen moun ki malad yo nan yon Sant Trètman Kolera.

Dlo trete se dlo ki te bouyi oswa ki te trete avèk klowòks (tankou Clorox oswa JIF) oswa lòt pwodwi ki fèt pou trete dlo tankou Akwatabs, PuR, Gadyen Dlo, Dlo Lavi. Yo konsidere dlo trete ki nan boutèy yo kòm sekirite kont kolera.

Kijan pou evite trape Kolera




Lave men



Trete dlo



**Prepare ak kwit
manje yo byen**



Itilize twalèt

Kouman sèvi ak sachè pou prepare Sewòm Oral yo



Lave men



3 Ti boutèy Kola
+ Sachè



2 Boutèy Gran Manjè
+ Sachè

ZANMI LASANTE

KOLERA | 11

Kouman sèvi ak sachè pou prepare Sewòm Oral yo

1. Lave men w ak savon ak dlo trete.
2. Mete 1 lit dlo trete nan yon kivèt ki te lave avèk klowòks.
 - 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola Gran manjè
3. Ajoute 1 sachè Sewòm Oral.
4. Kouvri boutèy la epi souke l oswa itilize yon kiyè pwòp pou bwase l.

Kouman sèvi ak sachè pou prepare Sewòm Oral yo



Lave men




**3 Ti boutèy Kola
+ Sachè**



**2 Boutèy Gran Manjè
+ Sachè**

Etap pou prepare Sewòm Oral san sachè Sewòm Oral



ZANMI LASANTE

KOLERA | 13

Etap pou prepare Sewòm Oral san sachè Sewòm Oral

1. Lave men w ak savon ak dlo trete.
2. Mete 1 lit boutèy kola dlo trete nan yon kivèt ki te lave avèk klowòks.
 - 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola Gran manjè
3. Ajoute 6 ti kiyè sik nan dlo trete a.
4. Ajoute demi ti kiyè sèl nan dlo trete a.
5. Kouvri boutèy la epi souke l oswa itilize yon kiyè pwòp pou bwase l.

Pou Sewòm Oral la ka pi gou, ou ka ajoute:

- 1 ti kras bikabonat
- Yon bò sitwon (Pije ji yon bò sitwon nan melanj la)

Pa ajoute:


- Plis sik oswa sèl
- Lòt ji sikre oswa lòt bagay tankou siwo myèl, kola, oswa lèt

Ajoute nenpòt nan bagay sa yo ka fè vomisman oswa dyare a vin pi mal.

Etap pou prepare Sewòm Oral san sachè Sewòm Oral




Lave men



**3 Ti boutèy Kola
+ Sik + Sèl**



**2 Boutèy Gran Manjè
+ Sik + Sèl**



Kijan pou itilize Sewòm Oral

- Kòmanse bay Sewòm Oral la nan premye siy yo tankou, dyare ki klè tankou dlo diri ak vomisman.
- Moun ki malad la dwe bwè yon ti Sewòm Oral chak 5 minit.
- Si moun lan vomi, tann 10 minit, epi fè l rekòmanse bwè Sewòm Oral la ankò.
- Fè moun ki malad la bwè Sewòm Oral menm si li sou wout pou ale nan sant trètman kolera.
- Ti bebe kapab bwè Sewòm Oral si yo gen kolera. Yon manman ta dwe kontinye bay tete menm si ti bebe l gen kolera.
- Toujou kouvri bokit oswa boutèy ki gen Sewòm Oral la avèk yon kouvèti ki pwòp, lè w fin itilize yo.
- Si w gen rès Sewòm Oral ki rete apre 24 trè d tan, jete li epi fè yon nouvo sachè avèk dlo trete.

Sewòm Oral la pa pral sispann dyare oswa vomisman an tou swit men se ede li ede ranplase sèl ak dlo kò a pèdi akòz dyare ak vomisman an.

Si yon moun endispoze paske li te pèdi twòp dlo oswa yon moun ki ap vomi epi ki pa kapab bwè Sewòm Oral ou dwe mennen li nan sant trètman kolera san pèdi tan.


Kijan pou itilize Sewòm Oral



Bay yon ti Sewòm oral



Kontinye bay Sewòm Oral menm sou wout pou ale nan STK



Sant Trètman Kolera (STK)

Kisa ou konnen sou Sant Trètman Kolera (STK)?

- **Aprè prepare epi bay yon moun ki gen kolera Sewòm Oral, mennen li nan yon Sant Trètman Kolera san pèdi tan.**
- Yon Sant Trètman Kolera (STK) se yon sant sante ki espesyalize nan trete moun ki gen kolera.
- STK a se pi bon kote pou mennen yon moun ki gen kolera.
- Nan STK a, moun ki twò dezidrate ki pa ka bwè ka reyidrate avèk yon zegwi (IV).


Poukisa ou ta dwe mennen yon moun ki gen kolera nan yon STK olye de yon klinik sante jeneral?

- Ou dwe toujou voye moun ki malad ak kolera nan yon STK olye de yon sant sante pou anpeche kolera a gaye.
- STK yo prepare pou fè fas ak kolera epi anpeche maladi a gaye.
- **Pa mennen moun ki gen siy ak sentòm kolera nan klinik prive, kay chalatan, ougan oswa mambo, doktè fèy, oswa nan legliz. Yo p ap ka resevwa ase swen yo bezwen byen vit la.**


Sant Trètman Kolera (STK)



**Ede moun ki gen Kolera
ale nan STK a**



Swen espesyal nan STK




Trètman Dlo

Tout dlo w ap itilize (pou bwè, prepare manje, oswa kwit manje) dwe trete avèk:


- Bouyi pou pi piti 1 minit, oswa
- Itilize klowòks, oswa
- Itilize yon pwodwi ki gen klò ki fèt pou pirifye dlo, tankou PuR, Akwatab, Gayden Dlo oswa Dlo Lavi.

Dlo nan boutèy ki fèmen deja trete epi an sekirite.


Trètman Dlo



Trete Dlo nan bouyi yo



**Trete dlo ak Klowòks
oswa lòt pwodwi pou
trete dlo**




Lave men

Lave men se yon bon fason pou anpeche kolera. Savon ak dlo ede retire mikwòb kolera nan men yo. Men ki pa lave oswa ki mal lave ka fè jèm kolera a gaye nan manje, dlo oswa lòt bagay nan kay la ke lòt moun ka manje, bwè oswa manyen.

Li enpòtan anpil pou yo anseye moun nan kominote a sou tout etap pou lave men yo kòm sa dwa paske se yon bon fason pou anpeche kolera.



Lave men



Kilè pou lave men w


Lave men w ak savon ak dlo trete plizyè fwa chak jou si ou nan kay la oswa soti nan kominote a. Toujou lave men w:

- Anvan w manje oubyen bay yon timoun manje.
- Anvan w prepare manje.
- Anvan ak apre ou fin manyen ti bebe.

Kilè pou lave men w



Lave men




Anvan w manje oubyen bay yon timoun manje



Anvan w prepare manje



Anvan ak apre ou fin manyen ti bebe




Kilè pou lave men w


Lave men w ak savon ak dlo trete plizyè fwa chak jou si ou nan kay la oswa soti nan kominote a. Toujou lave men w:

- Lè w sot nan twalèt la.
- Apre ou fin manyen oswa pran swen yon moun ki malad.
- Lè w retounen lakay ou apre ou te soti nan kominote a.
- Apre w fin manyen yon bagay, ke lòt moun te manyen, tankou, telefòn oswa lajan.
- Apre w fin manyen yon moun ki gen dyare ak vomisman.


Kilè pou lave men w



Lè w sot nan twalèt la



**Lè w retounen lakay ou apre
ou te soti nan kominote a**




**Apre ou fin manyen Lajan,
Telefòn**




**Apre ou fin manyen oswa
pran swen yon moun ki malad**



**Apre ou fin manyen yon
moun ki gen Dyare ak
Vomisman**



Lave men



6 Etap sou Kouman pou lave men w

- 1.** Mouye men w anba tiyo a oswa mande yon moun pou l vide dlo sou men epi pase savon.
- 2.** Foubi dwèt ak anba zong ou.
- 3.** Fwote do men w.
- 4.** Fwote de pla men w ansanm.
- 5.** Rense.
- 6.** Byen seche avèk yon sèvyèt pwòp oswa souke men w pou yo sèch.

Si pa gen savon ki disponib, ou ka fwote men ou avèk sab oswa sann.

6 Etap sou Kouman pou lave men w



**Mouye men w epi
pase savon ak dlo**



**Foubi dwèt ak
anba zong ou**



Fwote do men w




**Fwote de pla men w
ansanm**



Rense



Kite l sèch




PuR®

PuR® bon pou itilize lè w gen dlo ki pa trò klè. Li touye mikwòb kolera epi fè dlo a vin san danje pou itilize ak bwè.


PuR® vini nan yon ti pake oswa yon ti sachè. Yon sachè PuR fè 10 lit (2 galon edmi) dlo ki san danje pou bwè.

- 1.** Mete yon pake poud PuR nan yon veso ak 10 lit (2 galon edmi) dlo.
- 2.** Bwase dlo a byen bwase ak yon kiyè ki pwòp pandan 5 minit.
- 3.** Kite dlo a poze pandan 5 minit, lè sa tout salte ak kras yo pral rete anba veso a.
- 4.** Koule dlo a tou dousman, vide l nan yon twal pwòp (ki pa gen twou) nan yon veso pwòp.
- 5.** Kouvri veso a.
- 6.** Tann 20 minit anvan ou bwè oswa itilize dlo a.
- 7.** Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 trè d tan k ap vini yo.


PuR®




PuR®



**10 Lit Dlo +
1 sachè PuR®**





**Poze pandan
5 Minit**




**Kite Dlo a poze
pandan 5 minit**



**Koule dlo a nan yon twal
ki pwòp epi ki kouvri**



Tann 20 Minit



Akwatab®

Akwatab fasil pou itilize pou touye jèm kolera epi fè dlo vin san danje pou itilize oswa pou bwè.

Akwatab vini nan diferan fòs pou trete diferan kantite dlo. Asire w ke ou li sa ki ekri sou pake a.


1. Tcheke pake a pou wè fòs Akwatab la pou ka konnen ki kantite dlo ou dwe itilize.
2. Retire grenn Akwatab la nan sachè a epi lage l nan veso pwòp ki gen kantite dlo ki kòrèk la.
3. Bwase dlo a ak yon kiyè ki pwòp.
4. Kouvri veso a.
5. Tann 30 minit anvan ou bwè oswa itilize dlo a.
6. Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 trè d tan k ap vini yo.

PA vale Akwatab. Yo ka fè w malad anpil. PA konfonn Akwatab avèk lòt medikaman.


Akwatab®




Akwatab®



1 Akwatab® + dlo



Tann apre 30 minit




Klowòks

Si ou pa gen yon metòd trètman dlo tankou PuR oswa Akwatab, ou ka itilize klowòks yo konn itilize nan kay pou trete dlo. Sèvi ak pwodwi, tankou Klowòks oswa Jif, yo fasil pou trete dlo e yo pa chè. Klowòks touye mikwòb kolera epi fè dlo a vin san danje pou itilize ak bwè.

- 1.** Mete 5 gout klowòks yo konn itilize nan kay nan yon veso pwòp avèk 1 galon dlo. Pou ka konte gout klowòks yo ou ka vide yon ti kantite klowòks nan bouchon an tou dousman pou w ka kreye gout klowòks.
- 2.** Bwase dlo a byen ak yon kiyè pwòp.
- 3.** Kouvri veso a.
- 4.** Tann 30 minit avan ou itilize dlo a.
- 5.** Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 trè d tan k ap vini yo.


Klowòks



Klowòks



**5 Gout Klowòks
+ 1 Galon Dlo**



**Tann apre
30 minit**



Kouman pou konsève dlo trete san danje


Depi ou fin trete dlo pou bwè ak pou w itilize pou fè lòt bagay, asire w ke ou konsève li san danje.

Kouman ou ta dwe konsève dlo trete?

Ou dwe mete dlo trete nan yon veso ki pwòp avèk yon kouvèti pou pwoteje dlo a kont mikwòb. yon tapi ki gen yon ti espas. Kouvèti oswa tapi a ap anpeche moun sispann tranpe men yon nan dlo a, tas, veso, oswa lòt bagay ki ta kapab kontamine li.

Li enpòtan pou lave yon veso ki konn gen dlo avèk anpil atansyon. Lave veso a ak dlo ak savon epi byen rense l ak dlo trete. Lè sa a, si sa disponib, netwaye veso a ak 1 pati klowòks ak 100 pati melanj dlo konsa chak sifas nan veso a ap dezenfekte. Kite melanj klowòks la nan bokit la pou pi piti 30 segonn. Epi kite l sèch.

Kouman pou konsève dlo trete san danje



**Itilize yon veso ki
pwòp**



Lave veso a

Anpeche Kolera antre lakay ou: Lave men w



**Lè ou sot nan twalèt
oswa netwaye kouchèt
yon ti bebe**



**Apre w fin netwaye
kay ou**



**Anvan w manyen
oswa prepare manje**



Lè w sot jete fatra

ZANMI LASANTE

KOLERA | 37

Anpeche Kolera antre lakay ou: Lave men w

Toujou lave men w ak savon ak dlo trete:

- ☐ Anvan w manyen oswa prepare manje
- ☐ Apre w fin netwaye kay ou
- ☐ Lè ou sot nan twalèt oswa netwaye kouchèt yon ti bebe
- ☐ Lè w sot jete fatra

Anpeche Kolera antre lakay ou: Lave men w



**Lè ou sot nan twalèt
oswa netwaye kouchèt
yon ti bebe**



**Aprè w fin netwaye
kay ou**




**Anvan w manyen
oswa prepare manje**



Lè w sot jete fatra

Anpeche Kolera antre lakay ou: Lijyèn nan manje



ZANMI LASANTE

KOLERA | 39


Anpeche Kolera antre lakay ou: Lijyèn nan manje

- ☐ Kwit manje yo byen, sitou manje ki sot nan lanmè oswa nan rivyè tankou pwason, kribich, krab, elatriye.
- ☐ Kale fwi ak legim anvan nou manje yo.
- ☐ Lave fwi yo byen ak dlo trete anvan nou manje yo.
- ☐ Sèlman bwè ji oswa lòt bwason ki konsève nan boutèy ki pwòp, ki fèt ak dlo trete.
- ☐ Manje manje yo pandan yo cho.
- ☐ Pase manje ki frèt yo sou dife jiskaske yo cho anvan nou manje yo.
- ☐ Prepare manje kri ak manje kwit de kote diferan.
- ☐ Sere manje yo nan yon veso ki kouvri pou mouch pa poze sou yo.
- ☐ Eseye manje nan men machann ki kwit manje l ak dlo trete, kwit manje yo byen, epi lave men nou souvan.

Anpeche Kolera antre lakay ou: Lijyèn nan manje




Kwit manje yo byen




Kwit bèt ki sot nan lanmè yo byen



Lave epi Kale fwi ak legim yo



Sere manje yo nan yon veso ki kouvri



Anpeche Kolera antre lakay ou: Netwayaj

- ☐ Lave chodyv ak asyèt yo avèk klowòks oswa savon ak dlo trete.
- ☐ Netwaye kote pou kwit manje a avèk klowòks oswa savon ak dlo trete.
- ☐ Moso twal ke nou itilize pou netwaye kay la ta dwe lave chak jou epi mete sèch.
- ☐ Lave dra kabann, rad, ak kouchèt ak savon omwen 30 mèl byen lwen moun ak dlo.
- ☐ Benyen ou menm ak timoun ou yo avèk savon ak dlo omwen 30 mèl byen lwen moun ak dlo.
- ☐ Pa kite fatra nan kay kote w ap viv pou anpeche mouch ki soti ladan l vin poze sou bagay ou yo apre sa.
- ☐ Mete fatra yo ansanm, boule yo byen lwen kote w ap viv la.
- ☐ Apre yon inondasyon ki pote dlo nan kay ou, sèvi ak yon melanj ki gen ladan l 1 pati klowòks ak 100 pati dlo pou netwaye tout anndan kay la ak lòt bagay, zòn ou konn prepare manje ak kizin, rad ak dra.


Anpeche Kolera antre lakay ou: Netwayaj



**Lave asyèt yo avèk klowòks
oswa savon**



Netwaye kote pou kwit manje a



Anpeche Kolera antre lakay ou: Jete dechè

- ☐ Itilize latrin oswa lòt sistèm sanitasyon tankou, twalèt ijyenik, pou jete poupou ak vomi.
- ☐ Mete poupou timoun yo nan latrin oswa antere yo a 30 pye de moun oswa dlo.
- ☐ Netwaye latrin, bokit, ak kote ki kontamine ak poupou oswa vomi itilize yon melanj ki gen ladan 1 pati klowòks pou 9 pati dlo.

Anpeche Kolera antre lakay ou: Jete dechè



**Jete Poupou ak Vomi
nan latrin**



**Netwaye Latrin ak
bokit**




Netwayaj apre yon moun te malad ak kolera

- ☐ Tranpe dra ak rad ke moun ki te gen kolera a te itilize oswa manyen nan dlo bouyi apre w fin lave yo.
- ☐ Netwaye tout rad ak dra nan kay la ke moun ki gen kolera a te manyen avèk yon melanj 1 pati klowòks pou 100 pati dlo.
- ☐ Si pa gen klowòks, lave dra ak rad moun ki te enfekte a avèk savon ak dlo epi mete l sèch nan solèy.
- ☐ Dezenfekte mat la yo byen epi mete yo seche nan solèy.

Netwayaj apre yon moun te malad ak kolera



Lave rad ak dra kabann yo




Mete Rad ak Dra kabann yo nan solèy

Jete fatra nan kominote a



- ☐ Itilize twalèt oswa lòt sistèm sanitasyon, tankou twalèt ijyenik oswa latrin, pou jete poupou ak vomi.
- ☐ Fè bezwen pou pi piti a 30 mètr de distans de moun ak dlo epi antere poupou w la.
- ☐ Pa fè bezwen nan rivyè oswa bò larivyè.
- ☐ Netwaye twalèt ak kote ki kontamine ak poupou oubyen vomi itilize yon solisyon klowòks ki gen ladan 1 pati klowòks pou 9 pati dlo.
- ☐ Jete sachè plastik ki gen poupou ak vomi nan twalèt, nan pwèn koleksyon (si disponib), oswa antere sachè yo pou pi piti a 30 mètr de distans de moun ak dlo. Pa mete sachè plastik nan twalèt ijyenik yo.


Jete fatra nan kominote a



Itilize twalèt yo



**Antere poupou nan yon twou
ki fouye a 1 mètr de profondè
byen lwen sous Dlo yo**



Apres yon lanmò nan Kolera


Ankouraje manm fanmi an, zanmi, ak vwazen pou yo pa bo, touche, oswa kenbe kò a.

Si yo fè sa, di yo yo bezwen:


- Lave men ak savon ak dlo trete.
- Evite manyen bouch yo.
- Evite prepare manje pandan tout jounen an.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo trete apre yo fin manyen kò a. Si sa disponib, mete gan kawotchou lè y ap prepare kò a.
- Lave kò a ak yon solisyon ki gen ladan 1 1 pati klowòks ak 9 pati dlo.
- Ranpli bouch li ak tou dèyè l (anal) ak koton ki te tranpe nan yon solisyon ki gen ladan 1 1 pati klowòks ak 9 pati dlo.
- Mete kò a nan yon sachè pou anpeche likid la koule.
- Pa antere kò a toupre moun ak dlo.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo ki san danje apre yo fin prepare kò a.

- Netwaye tout bagay ke moun ki mouri a te manyen, tankou rad ak dra yo avèk 1 pati klowòks ak 9 pati dlo. Bwase rad ak dra yo nan dlo bouyi pou pi piti 5 minit anvan yo lave yo. Netwaye epi mete matla a seche nan solèy.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo ki san danje imedyatman apre yo fin netwaye ak manyen rad moun ki mouri a.

Nòt: Si yon moun mouri nan kolera nan yon lopital oswa yon dispansè, kite lopital la oswa anplwaye dispansè a dezenfekte kò a. Si manm fanmi yo pa vin chèche kò a apre 2 jou, sant sante a ap boule kò a.



Aprè yon lanmò nan Kolera



Antèman

Enfòm manm kominote a ke li pa rekòmande pou gen yon resepsyon apre antèman yon moun te mouri nan kolera nan kay la. Si yon fanmi ap fè yon gwo resepsyon apre antèman an, yo dwe sitou pran prekosyon pou sèvi ak bon liyèn.

Si gen yon resepsyon apre antèman yon moun ki mouri nan kolera, ki sa ou ta dwe di moun yo fè pou anpeche kolera gaye?

- Moun ki prepare kò a pa ta dwe prepare manje.
- Pa pèmèt okenn moun pou manyen kò a pandan seremoni an.
- Lave men trè souvan ak savon ak dlo trete.
- Kwit manje yo trè byen.
- Netwaye espas y ap prepare manje a trè byen ak savon ak dlo trete.



Antèman

Konbat mal plan sou Kolera


Antanke Ajan kòminote polivalan, kisa ou ka fè pou anpeche mal palan sou kolera?

Ou ka ede konbat mal palan nan anseye moun yo ke:

- Se yon mikwòb ki lakoz kolera a, se pa yon moun.
- Tout moun ka trape kolera.
- Kolera kapab trete epi moun ki gen kolera a ka geri.
- Ou ka anpeche kolera a gaye yon fason ki byen senp, tankou leve men, trete dlo oak jete fatra yo byen.
- Si ou swiv prensip liyèn yo, manyen oswa ede yon moun ki gen kolera oswa moun k ap pran swen moun ki gen kolera a pa p ba w kolera.
- Moun ki gen kolera se moun yo ye e yo bezwen sipò ak swen nan men fanmi, zanmi ak vwazen.

Ou ka eseye bay yon egzanp. Ou ka:

- Montre kijan moun ka trete yon moun ki malad ak kolera. Avèk respè epi sipò pou moun ki gen kolera a.
- Asosye avèk kominote ki nan zòn nan, lidè legliz, ak lekòl pou ka fè aktivite pou fè fas ak mal palan sou kolera.




Konbat mal plan sou Kolera



Sipòte yon moun ki gen Kolera



Pran swen yon moun ki gen Kolera




Pwoteje Lavi ou

- 1. Pwoteje Lavi ou** – lave men ou ak savon anvan ou manje.
- 2. Pwoteje Lavi ou** – byen lave men ou ak savon lè ou sot nan twalèt.
- 3. Pwoteje Lavi ou** – byen lave men ou ak savon anvan ou pote timoun yo, lave men timoun yo tou.
- 4. Pwoteje Lavi ou** – lè yon moun lakay ou gen kolera, lave men ou byen ak savon chak fwa ou fin pran swen li.

Pwoteje Lavi ou



**Lave men w anvan
ou manje**




**Lave men w lè w sot
nan twalèt**



**Lave men w anvan ou
manyen timoun yo**



**Lave men w apre ou
fin pran swen yon
moun ki gen kolera**




Pwoteje Lavi ou

- 5. Pwoteje Lavi ou** – byen lave fwi ak legim yo avèk dlo trete anvan ou manje yo.
- 6. Pwoteje Lavi ou** – pa pou pou atè oswa bò larivyè, fè sa nan latrin.
- 7. Pwoteje Lavi ou** – toujou kouvri manje w ap manje ak dlo w ap bwè.
- 8. Pwoteje Lavi ou** – pa bwè dlo ki pa trete (tankou dlo ki soti nan rivyè).


Pwoteje Lavi ou



Lave fwi ak Legim yo



Itilize twalèt



**Kouvri manje ak sa
wap bwè**



**Pa bwè dlo ki
pa trete**

Mèsi pou patisipasyon nou!



ZANMI LASANTE



Banque Mondial



GFDRR
Global Facility for Disaster Reduction and Recovery



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI
DINEPA
Direction Nationale
de l'Eau Potable
et de l'Assainissement



VÈSYON 1

Partners In Health
888 Commonwealth Avenue, 3rd Floor, Boston, MA 02215 • www.pih.org